

Girisekar Wayak Esuk

Ayem tentrem ing ndesane, Pak Tani

.....

Tembang kuwi ndadekake kekesing ati. Geneo Koes Plus penyanyi sing uripe nong kutha bisa awèh gegambaran kaya ngapa endah lan tentreme para among tani urip ing ndesa. Nanging kasunyatané apa pancen ngono?

Apa saiki isih tinemu kahanan ing desaku, kaya dene sing ditembangke Koes Ploes?

Pak Tani kaya tembang ing dhuwur mung kango pralambang wae. Merga katentreman ora mung duweke para tani. Pak guru bu guru,,paman dagang,mbok bakul, para pamong desa lan sapa wae mesthi duwe gegayuhan tentrem uripe. Semonoa,urip sing tentrem iku urip sing kepriye? Banjur kepriye carane nggayuh urip sing tentrem? Apa kahanan lan apa wae sing dumunung lan dumadi ing Girisekar, bisa kanggo sarana nggayuh urip sing tentrem kanggo wargane?

Sinambi ngrungokke tetembangane Koes Ploes liyane,aku mung bisa ngudarasa adoh prasasat tanpa wates, ngelingi Bumi Girisekar mujudake palemahan sing jembar, kang ing kono ana urip lan panguripan para warga sing maneka warna pakaryane uga kapercayan lan kabudayané.

Papan Lan Kahanan Bumi Palemahan

Desa Girisekar dumunung ing Kecamatan Panggang, Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Yogyakarta. Kang dikarepake desa ing kene yaiku gegelitaning masyarakat kukum kang darbe wates lan duweni wewenang kanggo ngatur lan ngurusi urusaning paprentahan, kepentingané warga masyarakaté adedasar ada-ada lan upayaning masyarakat, hak asal usul, lan utawa hak adat (tradisional) kan diakoni lan ajeni jroning cara paprentahan Negara Kesatuan Republik Indonesia.

Desa Girisekar dumadi saka sangang padukuhan yaiku :

1. Padukuhan Krambil
2. Padukuhan Sawah
3. Padukuhan Warak
4. Padukuhan Waru
5. Padukuhan Blimbing
6. Padukuhan Bali

7. Padukuhan Mendak
8. Padukuhan Pijenan
9. Padukuhan Jeruken.

Wates Wewengkoning Desa Giri Sekar

Wates iring lor	: Desa Girisuka
Wates iring wetan	: Desa Jetis Kecamatan Saptosari
Wates iring Kidul	: Desa Girikarto
Wate iring kulon	: Desa Girimulya

Papan Padununganing Warga

Lamun dinulu adhedhasar kahanan bumi palemahan Desa Girisekar kang wilayahe dawa seke elor mangidul kaperang dadi telung wewengkon.

- a. Wewengkon iring kidul dumadi soko pedukuhan Krambil lan Warak
- b. Wewengkon tengah kedadean saka pedukuhan Sawah, Waru, Blimbing, Bali lan Mendak
- c. Wewengkon lor dumadi saka pedukuhan Pijenan lan Jeruken

Wewengkon kidul lan tengah kasambung dening dalan gedhe kang sakmengkone dadi dalan nasional. Dene sisih tengah lah lor disambungake dening dalan propinsi lan uga dalan JJLS wewengkon kecamatan seje. Kang narik kawigaten yaiku ing wewengkon mligine pedukuhan Pijenan lan Jeruken. Loro-lorone ing sisih lor wewangunan karo Kecamatan Paliyan lan iring kidul wewatesan dening Kecamatan Saptosari. Menawa tumuju pedukuhan loro-lorone kasebut yen saka kidul kudu liwat Kecamatan Saptosari, dene yen metu kolun kudu ngliwati Desa Girisuka. Tumrap Desa Girisekar Pijenan lan Jeruken mujudake daerah *inclave* utawa daerah kantong, yaiku wilayah paprentahan kang diubengi dening paprentahan seje. Wilayah *inclave*¹ dumadi sebab mawarna-warna kayata politik, lan geografi. Saweneh wilayah dadi daerah *inclave* karana owah-owahan ilining banyu kali. Karana ing Girisekar nora ana kali lan yen ditonton saka bumi palemahane, pedhukuhan loro-lorone kasebut manglung ana kukuban liya. Mula paprentahan Pedhukuhan Pijenan lan Jeruken kalebu wewengkon Girisekar iku marga dening prastawa sejarah. Kanthi mangkono nganti tumeka sak iki durung tau ana kedadeyan politik ing Girisekar sing ndadekake owah-owahan kang ora prayoga jroning masyarakat ing pedhukuhan kasebut.


¹

Tatanan Owah-Owahaning Jumlah Penduduk

Jantraning urip trus lumaku.Sesambungan lan sesrawungan antarae wong siji lan sijine ora mung mligi karo sanak sedulur nanging saya jembar tebane.Kahaman mengkono ndadekake anane warga sing ninggalake Girisekar kanggo golek panguripan,utawa urip bebrayan, naning kosok balene uga akeh tinemu wong seka njaban rangkah manggon ing Girisekar kanggo ngupadi panguripan linantaran jejodhohan ing antarane priya lan wanita.

Kahanan mangkono trus dumadi nganti saiki. Mula ora mokal menawa akeh madeg papan-papan panggonan anyar ing wewengkon Girisekar sing nuduhake menawa sing manggon ing kono kalebu warga anyar. Nadyan mengkono ora padha mbedak-mbedaaake tumrap warga sing tumeka apa dene warga sing wis ana sakdurunge. Kabeh urip bebarengan guyub rukun ing sabendinane.

Peta Desa Girisekar



Maneka Warna Kahanan Alam

Penthanging alam Desa Girisekar wujud pagunungan kang sumebar meh kabeh wewengkon, uga tinemu sawetara lemah ledhok ing saben wilayah. Wondene biyen tetuwuhan lan kekayon kang akeh tinemu kayadene jinising *figus* ringan, lo lan kekayon kang ngemu tlutuh sahingga akeh tinemu belik /sumber banyu ing saben ledhokan. Dingendikakke dening pinisepuh desa ² yen mangsa ketiga ing wilayah kene ora tau kekurangan banyu jalaran anane jinis kekayon kasebut bisa nyimpen banyu lan tansah rineksa keramate sarana carita lan dedongengan kanthi pengajab kekayon iku tetep tulus lestari. Nanging ing wektu iki pagunungan kang sakawit akeh wit-witane jinis *figus* wis ludhes tanpa tilas , anane mung jinis kayu tahun kayata jati, akasia, mahoni lan sapanunggalane kang tinandur jalaran dianggep aweh hasil kang nyenengake (nilai ekonomi tinggi) malah ing wektu iki warga masyarakat kang saperangan lemahe ditanduri jinis kekayon anyar yoiku sengan laut. Saluwihé mujudake lemah bero kang ora ngasilake, anane mung grumbul suket kang urip subur ing mangsa rendheng lan ilang ing mangsa ketiga. Saweneh ing antarane pagunungan uga tinemu legokan (ceruk) sing bisa nandho banyu udan kang akeh lan diarani tloga, banjur dipigunakakake warga kanggo adus, umbah-umbah lan olah-olah , uga kanggo kabutuhan ingon-ingon kayadene ngombeni lan ngguyang sapi.

a. Wewengkon (zona) kidul.

Wewengkon kidul dumadi seka pedukuhan Krambil lan Warak, pedukuhan iku tepung dalan desa kang wis diaspal, kahanane dalan menggak-menggok, munggah mudhun kang njalari para juru mudhi kudu tansah awas lan waspada. Karone maneh dalan ing kene kalebu wis rame lalu lintas karena dalan iku tumuju ing pinggiring segara kidul. Wilayah kidul Girisekar iki akeh-akehe dumadi saka ereng-ereng (perbukitan) kang ditanduri wit jati. Dene warga Pedukuhan Warak lan Krambil iku cengkaran seka Pedhukuhan Sawah , panggaotan kanggo nyukupi kabutuhaning urip padha buruh ing kutha dadi kuli bangunan, tukang lan liya-liyane, malah kepara ana sing wis dadi pemborong cilik-cilikan.

Sawetara kakunge nyambut gawe ana ing kutha sisihane nyambut gawe ngurus ingon-ingone sapi utawa wedhuse lan uga nata isen-isening bale omah, lan nggula wenthah marang anake. Akeheng warga kang padha teka lunga ing pedukuhan Warak amarga pedukuhan Warak jumlah wargane paling gedhe ing Girisekar sakwise Pedhukuhan Mendak. Ing lengkehing gunung ana tloga jenenge tloga Srapoal. Nanging karena kahanan palemahan ing sakiwa tengene tloga rusak njalari tloga Srapoal ora bisa

² Wawancara dengan Bapak Tubiyo tokoh masyarakat usia 74 tahun

nando banyu udan kanthi suwe/ awet. Tlaga iku mapan ana papan kang dhuwur lan mung oleh ilen-ilening banyu saka iring wetan lan kidul mula umure kalebu cendhak ing babagan nandho banyu.

b. Wilayah tengah

Wilayah tengah kang dumadi saka Pedhukuhan Sawah, Waru, Blimbing, Bali, lan Mendak, mujudake wilayah kang jembar dewe katandhing wilayah kidul lan lor. Kajaba iku kukuban ing tengah iki mujudake wilayah kang nguntungake. Babagan iki karana anane dalan gedhe kang ngliwati pedukuhahn ing sisih tengah, kejaba pedukuhan Waru .

Kantor-kantor kanggo olah leladi warganing masyarakat mapan ana ing kene, ing antarane bale Desa Girisekar, Puskesmas kang mapan ing Pedhukuhan Bali. Ing pedukuhan Blimbing ana papan pawiyatan PAUD, TK Negri Panggang , SD Negri Girisekar, lan SMP Negri II Panggang. Kajaba iku uga ana kantor pamangku wilayah hutan kang mapan ing RT 01 RW 05 Blimbing. Pasar desa uga ana, mapan ana ing pipining dalan propinsi ing Pedhukuhan Blimbing. Pedhukuhan Blimbing pancen akeh papan mikolehi lan nguntungake. Mesjid Sunan Kalijaga (masjid tilarane Kanjeng Sunan Kalijaga) kang gawe mongkoge desa Girisekar. Kembang Lampir kang uga kalebu mapan ing Pedhukuhan Blimbing sawijining pertapan kang manut sejarah dadi dununging wahyu keraton Mataram, papan iki ing wektu sak iki dadi papan wisata religi kang asring dirawuhi dening para pangarsaning nagri.

Lembaga pendidikan non formal ing antarane Pusat Kegiatan Belajar Masyarakat (PKBM) Trengginas, PAUD Cahaya Ilmu I, II ing Pedhukuhan Mendak lan Waru, PAUD Mutiara Insani ing pedukuhan Sawah, papan olah leladi kanggo umum liyane kang ana wilayah tengah yaiku bebadan keuangan Koperasi Kredit Mendasar (KOPDIT) lan Baitul mal wat Tamwil (BMT) Bumi Sekar Madani. Tlaga cacah telu ing wilayah tengah uga mujudake perangane kedadeyan alam yaiku tlaga Thowet ing pedukuhan Blimbing, tlaga Ngurik ing pedukuhan Waru lan tlaga Pakem ing pedukuhan Bali.

Tlaga Thowet wis kondang gawe moncering masyarakat Girisekar jalaran wiwit tlaga iku dumadi nganti tumekaning saprene durung tau asat sanajan ketiga ngerak pisan. Kepara tlaga Thowet dadi lurugan saka jaban rangkah Girisekar iku uga kang njalari tlaga Thowet klebu siji ing antarane sepuluh tlaga ing Gunungkidul kang awet banyune³. Nadyan gedene nora ngungkuli tlaga Thowet, tlaga Ngurik uga penting minangka tandon banyu tumrap masyarakat ing padukuhan sawah lan Waru. Malah kepara murakabi warga

³

masyarakat sajabaning desa Girisekar migunakake kanggo nyukupi kebutuhan banyu saben dinane.

Ana meneh kang diarani tlagu Pakem ing Pedhukuhan Bali, wektu iki kena diarani tlagu mati, Diarani tlagu mati jalaran ing sajroning sepuluh tahun iki wis ora bisa nandho banyu meneh. Sepira wae akehe banyu kang mili ing tlagu iku bakal ilang asat sajroning telu tumekaning limang dina. Bantering banyu kang rumesep ing jroning lemah jalaran rusaking palemahan ing sakiwa tengene tlagu utawa ing dasaring tlagu, nanging bisa uga jalaran anane luweng ing jroning tlagu kang bocor. Ora kurang-kurang pambudidayanane warga masyarakat murih lestarining tlagu Pakem upamane nganakake upacara ruwatan kanthi mbeleh kebo nanggap ledhek lan wayangan semonoa uga ora kasil. Nalika tahun 2015, pemerintah paring bantuan kanggo ndandani tlagu kasebut murih bisa nandho banyu, kanthi cara digaleng mubeng nganggo pasangan pasir lan semen nanging pambudidaya mau uga durung bisa kasil. Akehing tlagu kang ana ing wewengkon tengah nuduhake menawa wewengkon tengah luwih cendhek katimbang wewengkon Girisekar liyane.

Kanthi saya majuning zaman lan owah-owahaning kahanan, masyarakat saya maju akal pikire, mula kurang luwih tahun sewu sangangngatus sangangpuluhan mumpangat tlagu mau kaya-kaya wis ora dibutuhake. Ing kono masyarakat padha gawe tandhon banyu udan kang digawe cor beton sing diarani penampungan Air hujan (PAH) kang bisa momot banyu sepuluh ewu liter utawa luwih, saengga mbutuhake ragat kang ora sethithik malah ana saweneh warga kang gawe sumur tandhon banyu kanggu nyukupi kebutuhan banyu ing saben dinane. Dene tlagu kang isih ana banyune digunakake dening warga masyarakat kanggo ngombe lan ngguyang sapi, luwih-luwih ing wektu iki kanthi kawicaksananing pamarentah Kabupaten Gunungkidul, ngunggahake banyu saka jeron bumi yaiku saka pantai Ngobaran, saengga kebutuhan banyu masyarakat ora mung njagakake banyu udan wae.

b. Wewengkon lor (zona utara)

Wewengkon lor dumadi rong pedukuhan yaiku pedukuhan Pijenan lan pedukuhan Jeruken iki mujudake wewengkon kang nduweni wilayah kehutanan darbeke negara .

Dalam penjelasan pasal lima ayat 1 undang-undang nomer 41 tahun 2009 disebutkan bahwa hutan negara dapat berupa hutan adat yaitu hutan negara yang diserahkan pengelolaannya kepada masyarakat hukum adat. Hutan yang dikelola masyarakat hukum adat ketika dimasukkan dalam pengertian hutan negara sebagai konsekuensi adanya hak menguasai oleh negara sebagai organisasi

*kekuasaan seluruh rakyat pada tingkatan yang tertinggi dan prinsip neegara kesatuan republik Indonesia.*⁴

Beda karo wilayah kidul lan tengah ing Pedhukuhan Pijenan lan Jeruken ora tinemu anane tloga dadia tloga kang isih urip apa dene tilas tloga Jinis lemah krikil njalari kekayon uripe ora gelis gedhe. Ananging pedukuhan Pijenan ana pawiyatan dasar yaiku Madrasah Ibtidaiyah Negri (MIN) dene pawiyatan non formal.yaiku PAUD cahaya Insani I, lan PAUD Cahaya Insani IV mapan ana Pijenan lan Jeruken

Ekonomi

Wis kalumrah dimangerteni ing akeh lamun katentreman aman lan makmuring masyarakat diukur saka kahananing ekonomi kulawarga. Dene kuwat lan ringkihing ekonomi bisa ditonton saka barang kang diduweki kang bisa dingerteni secara kasat mata kayata mobil, sepeda motor, omah, lemah, celengan arupa alas jati lan sapanunggalane.

Lahir saka anak turune wong tani yutun satemah diarani desa agraris, nanging tumekane anak putu ing wektu iki, kaya-kaya wis ora kepingin dadi wong tani pinangka pilihane urip. Mulane sak iki akeh lemah loh kang minangka dadi sumbering panguripan wiwit nenek moyang nganti nggedhekake anak putu, nanging sak iki malih dadi alas kang kebak kayu tahun kang asile lagi bisa karasakke puluhan tahun mengkone.Kahaman kang mangkono ndadekake saya suda palemahan kanggo among tani, lan iku bakal terus dialami dening anak putu.

Gegambaran lan pikiran nom-noman ing wektu iki padha milih pakaryan sing asile tumuli bisa dirasakake. Nanging kahaman kang mangkono banjur nuwuh ake keyakinan banjur jumedul anane kegiatan -kegiatan *ekonomi kreatif* kang ora adhedhasar olah tetanen maneh. Samengko sawetara kelompok masyarakat utawa secara pribadi, wis padha tanggap marang kahaman. Kanthi anane dalan Jalur Jalan Lintas Selatan (JJLS) kang ngliwati Desa Girisekar, para wargane masyarakat banjur padha nduweni reka-reka ngedegake warung, lapak, kuliner, angkringan, toko bangunan, kios kelontong lan sapunanggalane. Uga jumedule papan nama *loundry*, tukang cukur, bengkel mobil, bengkel sepeda motor, tukang jahit, foto copy kang diadane para nom-noman, prakara iki dadi cihna wis ana greget gumregahing ekonomi ing babagan bidang jasa kalebu uga akehing tukang kayu, tukang batu, kang secara ekonomi bisa ngundakake wulu wetu kanggo nyukupi kabutuhane padinan. Sanadyan mangkana nanging isih tinemu kulawarga kang panguripane kagolong mlarat. Catetan pemerintah Desa Girisekar per Desember 2017 aweh katerangan catetan kemiskinan Padukuhan Krambil cacah 91 jiwa,

⁴

Warak 201 jiwa, Sawah 84 jiwa, Waru 106 jiwa, Blimbing 68 jiwa, Bali 77 Jiwa, Mendak 206 jiwa, Pijenan 61 jiwa lan Jeruken 969 jiwa.

A. KABUDAYAN

Manut Kuntjaraningrat sing diarani kabudayan yaiku “Keseluruhan sistem gagasan tindakan dan hasil karya manusia dalam rangka kehidupan masyarakat yang dijadikan milik diri manusia dengan belajar” .⁵

Dene sing dikarepake kira-kira mangkene “kabudayan yaiku sakabehing cara gagasan patrap lan wohing panggawening manungsa ana ing cak-cakaning urip bebrayan aneng masyarakat kang dadi darbeke manungsa kanthi cara sinau”.

Manut Kuntjaraningrat kabudayan duwene perangan-perangan kang asipat umum, peranganing kabudayan kang sipat umum karana bisa tinemu ing saben kabudayaning bangsa-bangsa ing sak indenging donya, manut Kuncaraningrat ana werna pitu peranganing kabudayan kang asipat umum yaiku :

1. Basa

Basa mujudake sawijining pangucap kang endah ing jroning peranganing kabudayan lan uga dadi piranti kang baku tumrap manungsa kanggo nerusake utawa njumbuhake marang kahananing kabudayan. Dene wujuding basa ana loro yaiku basa lisan lan basa tulisan.

2. Peranganing Kawruh

Babagan Peranganing kawruh ngenanai kahananing alam ing sakiwa tengene, donyaning tetuwuhan donyaning kewan, wektu, ruang, sipat-sipat lan tingkah laku manungsa, wadage manungsa.

3. Peranganing Kemasyarakatan (Organisasi Sosial)

Organisasi sosial mujudake pakumpulane masyarakat kang wargane rumangsa dadi peranganing masyarakat. Pakumpulane warga masyarakat kang dumadi saka kekerabatan, pakumpulan, sistem kenegaraan, sistem hidup.

4. Perangan Pirantining Urip lan Teknologi

Kang dikarepake teknologi yaiku sakehing cara kang diduweki warganing masyarakat kanggo ngurakapi kabutuhaning urip, kayata bahan mentah diolah dadi pirantining kerja, sandang, omah, kendaraan lan sak panunggalane.

5. Peranganing Pangupajiwa.

Peranganing pangupajiwa mujudake sakehing pambudayaning manungsa supaya antuk barang lan jasa kang dibutuhake, pangupajiwa utawa perangan ekonomi kang dumadi kayata bebedhag lan nglumpukake bahan pangan, olah tetanen, dagang, misaya mina, iwen lan rajakaya.

⁵

6. Peranganing Kapercayan

Peranganing kapercayan bisa ditegesake pinangka sakwijining perangan kang kang ana sambung rapete antarane keyakinan lan laku ibadah kang ana sambung rapete karo bab-bab suci lan kaya-kaya ora tinemu nalar. Peranganing kapercayan iku dumadi saka tatanan ana ing masyarakat lan paugeraning urip, tata pangibadah.

7. Kesenian

Ing sajroning urip bebarengan ing masyarakat saben manungsa mujudake pribadi kang beda, karo pribadi liyane, saka pribadi kang beda iku dadi ciri lan kanggo mbedakake karo pribadi-pribadi liyane. Tatanan sosial ing masyarakat kang dumadi saka pribadi-pribadi bakal dadi patuladan tumrap masyarakat ing jroning wilayah tinamtu.

Tatanan jroning masyarakat ing desa Girisekar ora akeh bedane karo desa-desa liya ing wewengkon kecamatan Panggang isih ngatonake asline anggone seneng gotong royong, lung tinulung ing swasana susah apa dene seneng, rasa ajen ing ajenan ing antara agama siji lan sijine tansah ditindakake lan dijaga, uga titikan lan swasana minangka masyarakat petani isih katon cetha sanadyan kanthi alon-alon saya ditinggalake utamane dening para nom-noman.

Manut Kuntjaraningrat sistem religi kang magepokan kapercayan dadi sarana mbedakake utawa titikan maton ing desa Girisekar yaiku anane Cupu Kyai Panjala.

Cupu Panjala kang mapan ing padukuhan Mendak dadi pralambang kapercayan kang rinasa ora tinemu ing nalar. Upacara bukaan cupu Kyai Panjala kang diadani setahun sepisan mujudake prastawa kang diantu-antu dening masyarakat Girisekar, malah kepara masyarakat jaban rangkang Kabupaten Gunungkidul.

Buku Riwayat Kyai Panjala kang diwetokaake dening Trah Kyai Panjala, nalika Sunan Kalijaga ing tahun 925 Hijriah utawa 1505 Masehi nyiarake Agama Islam sinambi ngulat-ulati murid-muride kang den tresnani kang asma Kyai Ageng Pemanahan, Ki Ageng Juru Mrentani, Ki Ageng Giring, Ki Ageng Penjawi, Ki Ageng Wana Lapa, Ki Agengwana Wangsa.

Nalika tindake tumeka ing dusun Blimbing panjenengane banjur ngedegake tajuk (bangunan yang atapnya terbuat dari ijuk) banjur dhawuh marang murid kinasih yaiku Kyai Wana Wangsa supaya njaga tajuk mau. Jroning jaga tajuk ing kana dicaritakke menawa mustaka tajuk ilang, karana wektu iku tajuk diobong dening anthek-antheking Walanda, karana tajuk kasebut padha digunakake warga masyarakat kanggo papan ngibadah lan pakumpulan.

Ilange makutha mau mapan ana ing Kayu Apak ing Desa Nglora, banjur ngalih enggon ing alas Watu Blerang ngalih maneh ana ing Dusun Kayu Balung, pungkasane dening Kyai Tama Wiharjo (mas Ngabehi Surakso Puspitasari) awit dawuh Panjenengan Dalem Inggang Sinuwun Hamengku Buwana IX, mustaka dipapanake ing Gedung Prabayeksa pertapan Kembang Semampir

Makuthaning tajuk Sunan Kalijaga wujud ora kaya mustaka masjid kang kalumrah Nanging memper makutha kang dianggo Bathara Kresna ing pewayangan.

Kyai Panjala yaiku wujud cupu kang cacahé 3 manut critane mujudake dolanane bocah cilik kang sawise dewasa dadi wong kang sekti kang aran Kyai Sayeg . Kyai Sayeg nalika isih bocah gawene mung dolan nganti suk lali wayah. Ing Sawijining dina Nyai Wana Wangsa adang sego kang banjur ditumplak ing iyan lan ditepasi nganggo ilir, dumadakan kyai sayeg mulih saka anggone dolan, karana ngrasa luwe tanpa sraba-sraba banjur njupuk sega kang lagi di angi Nyai Wana Wangsa ya ibune dewe. Ngerti tumindake Sayeg kang nora nganggo tata krama, Nyai Wana Wangsa kang tangane nyekel enthong banjur kumlawe di thuthukake ing sirahé Sayeg kang banjur lunga tanpa pamit.

Sayeg kang ora liya ya putrane Kyai Wana Wangsa manut carita tutur kang tinular lan kaprunge nganti turun temurun, Kyai Sayeg lungane kang tanpa pamit, tumuju ing gisiking segara kidul. Ya ing kana deweke ketemu karo Sunan kalijaga lan banjur diparingi cupu kang cacahé ana telu. Sunan Kalijaga paring piweling supaya cupu mau di jaga lan diopeni sing becik. Nyendikane dawuhe njeng Sunan Kyai Sayeg supaya teteki ing gisiking segara kidul, ing kono ketemu karo bangsane kajiman deweke banjur diaku sedulur dadi anak buahe Nyai Rara kidul. Ing kana uga ketemu salah sawijining kyai kang uga lagi nindakake tapa kang nama Sunan Geseng. Ketrima ing panuwune mula sajugare anggone tapa papan iku banjur dijenengake Gesing kang wektu iki katelah pantai Gesing kang dumunung ing Desa Girikarta. Ana maneh kang nyaritakake menawa ing pesisir kidul ana pawongan wadon kang mertapa yaiku Nyai Wana Wangsa, ibune Kyai Sayeg. Nyai Wana Wangsa percaya menawa anake dumunung ana ing pesisir kidul, kanyata ketrima panyuwune temahan bisa ketemu anake kang wus pirang-pirang tahun ngilang. Wektu iku Nyai Wana wangsa ngrerepa gelemo anake ya Kyai Sayeg bali mulih bebarengan karo Nyai Wana Wangsa, nanging Kyai Sayeg mapa ora gelem malah banjur ing segara. Nyai Wana Wangsa jeli-jeli tawang-tawang tangis lan bingung apa kang kudu ditindakake. Ing sajroning ati ngolang aling nyenyuwun ana ing ngarsaning kang gawe urip wasana oleh wangsit supaya gawe jala saka oyot-oyodan sak emper karo piranti kanggo njala iwak. Kanthi piranti iku Nyai Wana Wangsa kasil nylametake anake lan gelem dijak bali mulih. Sadurunge bali kyai Sayeg nduweni panyuwun marang ibune,

gelem mulih menawa dikeparengake nggawa dolanan wujud cupu telu peparinge Sunan Kalijaga. Nyai Wana Wangsa uga ora kabotan minangkani apa kang dadi panyuwune putrane. Manut crita kang tinular, anane cupu mau tekan seprene udakara wis limang keturunan lawase. Cupu kasebut diopeni lan disimpen dening anak turune, diselehake ana ing jroning pethi kang disasabi nganggo mori putih atusan lembar cacahé.

Wis dadi adat lan tata cara ing saben tahun mangsa nggagat labuh banjur dianakake “Bukaan Cupu Panjala”, ing nalika iku mori dibukan selemba mbaka selemba lan ana ing mori iku mau tinemu kaya dene gambar, kang sak emper kayata : jagad, manungsa, barang, kewan, lan uga tinemu barang =barang kang mawujud kayata : tugi, merang, kapuk, klila kayu, kulit kacang lan liya-liyane. Isen-isen iku mau banjur diwerdekake ing nalikane bukan cupu iku uga. Isen-isen kang tinemu ana ing bukaan cupu kasebut dipercaya aweh sasmita utawa dadi perlambang tumrap para tani anggone miwiti olah tetanen. ing wektu iku para tani wis oleh gegambaran kepriye mungguh asil tetanen kang bakal teka, mula upacara bukakan cupu Kyai Panjala diadani ing saben tahun yaiku ing dina Selasa Kliwon wancine gagat labuh. Nanging ing wektu iki upacara bukakan Cupu Panjala ora ngemungake digathuk-gathuk ake ing babagan olah tetanen wae, uga gegayutan karo anane gedadeyan politik, jantraning papentahan, panguwasa, lan kedadeyan liya-liyane. Jeneng Cupu Kyai panjala iku sekawit saka cupu duweke Kyai Sayeg kang ambyur ing segara lan dislametake dening ibune ya Nyai Wana Wangsa, nganggo jala kang digawe saka oyod-oyodan.

Pantara Mangsa Tinamtu Kalenggahan Lurah Girisekar

1. Guna Ijaya III ngasta paprintahan wiwitan kang wektu iku durung Kalurahan Girisekar nanging kasebut kalurahan Sawah. Karana ing wektu semana ana ing lurah iku dedalem ya ing dalem kana dadi kantor Kalurahan. Wektu iku Lurah Guna Ijaya III lenggah ana pedukuhan Sawah . Ngelingi kang ngasto panguwasa ing wektu iku (lurah) durung diangkat sarana pilihan rakyat nanging kaangkat adedasar garis keturunan. Guna Ijaya III ngasta paprintahan ing Desa sawah udakara 20 tahun lawasi yaiku saka tahun 1916 tekan 1936.
2. Salerehe lurah Guna Ijaya III ingkang ngasto kalenggahan lurah yaiku lurah Wirya Sentono, dene Wirya Sentana iku uga isih Trah Guna Ijaya II. Lurah Wirya sentana Ngasta Parentahan dadi lurah Sawah suwene 5 tahun. Yaiku tahun 1937-1941, dene anggone lerah amarga nandang gerah lan tinimbalan ana ing ngarsane Gusti

3. Wiya Sentono banjur ginantosan dening Wirya Arjo kang kondange asmo Lurah Bedor. Dene Lurah Bedor ngasto peprentahan minangka lurah ora suwe yaiku ing tahun 1941 tekan 1945.
4. Sabanjure lurah Harja Purwana ngasta lurah ing Sawah angggenteni kalenggahan lurah Wirya Arja. Sakdurunge gumanti minangka lurah, Harja Purwana ngasto kalenggahan pinangka carik desa. Dene Lurah Harja Purwana ngasta paprentahan tahun 1946 tekan 1965. Ya ing wektu lurah Harja Purwana ngasta paprentahan iku kalurahan sawahngalih jeneng dadi Kalurahan Girisekar. Manut sumber kang pinarcaya ya iku kang ka emot ing “Lembar maklumat tahun 1948 tentang “ Hal Perobahan daerah-daerah kalurahan dan nama-namanya” sing diwetokake dening pemerintahn Daerah Istimewa Yogyakarta, ing kana antarane nerangake kalurahan sawah (lama) nomor 110 dadi Kalurahan Girisekar (baru) kanthi Nomer 30. Salerehe lurah Harja Purwana, sawetara durung ana kang angggenteni mula kalenggahan lurah diasto dening pejabat sementara yaiku bapak Pawiro Dimedja kang wektu iku ngasto minangka Sosial nganti tumeka ing 1974.
5. Kanthi anane owah-owahan tatanan manut jantraning paprentahan ing kene kalungguhan lurah desa diangkat ora adedasar run tumurun maneh, nanging lurah diangkat kanthi cara pilihan rakyat (pemungutan suara) . Lantaran pilihan rakyat tahun 1974 Yuwana Sutadi kasil ngasto kalenggahan dadi lurah Girisekar, kang ing wektu paprentahan diasto dening panjenengane kalurahan Girisekar ganti dadi Desa Girisekar.
6. Ing tahun 1990 Yuwana Sutadi wus wancine lereh anggone ngasto dadi kepala desa mula tumindake demokrasi banjur di anakake pilihan dening masyarakat ing wekasane Sumijarto sasab ing pilihan gumanti ngembani paprentahan Girisekar lan udakara suwene 18 tahun.
7. Wusanane nganti tumekane buku iki di wetokake kepala desa Girisekar diasto dening Sutarpan kang mujudake hasil pilihan rakyat banjur katetpake lan dilantik ana ing tanggal 3 Desember tahun 2015.

Ing pantara mangsa tinamtu wiwit lurah kapisan tumeka kepala desa kaping 7 (pitu) kasebut Girisekar ing wektu iku isih ana sesebutak kalurahan sawah lan kalurahan Girisekar, bab iki dumadi karana jroning paprentahan kang lumaku ana owah-owahan. Kayata owah-owahan jeneng kalurahan ing Kecamatan Panggang kangjeneng ngarepe nganggo jeneng Giri. Minangka salah sajining wujud penghargaan kanthi anane pertapan Kembang Semampir, mula Kalurahan Sawah kang wektu diasto dening lurah Harjo Purwana, lan awit idi palilah

uga pamrayoga saka para pinisepuh mula tembung Giri di wuwuhi tembung **Kembang**, sabanjure amrih mathuk lan manising tembung ditetepake kembang dadi **Sekar**, iku kang pinangka dadi pralambang utawa simbol kang ora bisa uwal karo kembang semampir kang uga tansah ana sambung rapete karo sejarah papan ing ngendi Kyai Ageng Pemanahan mertapa kang wekasan tumuruning wahyuratu Mataram. Dadi wektu iku ing Balimbi (Blimbing) kena diarani dadi desa kang maju utawa dadi peradaban ing wektu iku.

DUMADINE KELURAHAN GIRISEKAR

(Pangkur , Cakepan Dening Sambudi)

*Madegira Girisekar
Catur dasa tanggalira tinulis
September kang wulanipun
Warsa kang sinengkalan
Rasa Tunggal Gapuraning praja iku
Samengka dadi panengran
Kang pantes dipun leluri*

*Samana kawitanira
Ingkang ngasta punsaraning nagari
Guna Ijaya ping telu
Ingkang sumare ana
Ing astana laya Sentara puniku
Mangkana sasurut ira
Inggih ginantosan nuli*

*Piniji Wiryasentana
Ing samangkih kinarya dadi suluh
Pinangka lelurhipun
Ngembani paprentahan
Panca warsa kang watawis laminipun
Wit gerah ingkang sinandang
Tinimbangan ngarseng Gusti*

*Sinebut nggih Wiryas Arja
Nggih Punika lurah ingkang kaping tri
Wondene kang kapatipun
Lurah Harja Purwana
Kaping lima Yuwana Sutadi iku
Pinangka Kepala Desa
Ing Girisekar Puniki*

*Kaping sat Kepala Desa
Sumijarto kang kepareng angembani
Mangkana saklerehipun
Ginantosan Sutarpan
Inggih kepala desa ping pitunipun
Tumekeng wanci punika
Girisekar den embani*

*Tuntas sampun anggen samyo
Mijil Wengi angluru nlusur nglari
Ngupadi mring adegipun
Nggih Desa Girisekar
Kang supadi ywa kongsi dadi kalimput
Labuh labeting pangarso
Kang mamrih rejaning nagri*

LANCARAN DUMADINE GIRISEKAR

Laras : Pelog Bem
Rumpaka : Sambudi
Aransemen : Hardono

LANCARAN DUMADINE GIRISEKAR PL BEN

BK CELUK : 3 5 6 5 5 6 1 2 6 5 5 6 5 6 5
ya ta nangqih qu-pi-ta ma-kang gi ni la

6 1 2 5 6 1 2 1 2 3 1 2 1 6 5 (X)
mongke ne du-ma-di-ne ka-lu-ra-han giri se kar

LANCARAN :

5 6 5 . 2 1 6 5 2 4 5 6 2 1 6 5
5 6 5 . 2 1 6 5 2 4 5 6 . 4 . 5 (X)

VOKAL

3 2 1 2 3 5 . 4 2 4 5 5 6 5 . 3 2 3 1 6 5 . 5 6 5 6 1 3 1 2 .
pat be las kangtonggal Sepember mulan i ra ta humei nangka lan a mas ta ni ra cagtunggal

3 1 2 1 6 5 . 5 6 1 2 2 1 6 5 . 5 6 5 3 2 3 . 2 3 5 6 2 1 6 5 .
gapu ran nang proja pan i ku da di panggran a deg du madine ka lu rah an giri se kar

6 5 3 . 3 . 2 3 5 6 3 5 6 5 . 6 5 4 . 4 . 2 4 2 . 4 5 6 1 5 .
O ja la li bu Li ring le la buhane pra pa ngar za kang ma mih re ja nang de sa

5 6 1 . 5 6 1 . 2 3 2 1 2 1 3 5 6 5 6 1 . 1 2 1 6 5 4 5 (X)
mula ne pa . 40 be cik di pe pe tri jrahongsi ka limput daadya panutan yekti

BALUNGAN .

3 2 3 5 4 2 4 5 3 2 3 5 1 3 1 2
3 1 6 5 2 1 6 5 6 1 3 2 3 6 5
3 3 3 5 6 3 5 4 4 . 2 4 6 5
2 1 2 1 2 3 2 1 3 5 6 1 2 1 6 5 (X)

KEMBANG SEMAMPIR

Kacarita ing Tahun 1549 Jaka Tungkir kasil ngrebut Kerajaan Demak sing wektu kuwi ana Panguwasane Arya Penangsang. Salah sawijining punggawa sing aweh pambiyantu marang Jaka Tungkir yaitu Ku Ageng Pemanahan. Merga seka labuh labete mau, Jaka Tungkir paring bebungah wujud lemah perdikan ing daerah Mataram Kotagede Ngayogyakarta. Dene bumi perdikan mau sinebut uga Alas Mentaok. Jaka Tungkir wong sing jembar kawruhe. Sakwuse ngrebut Demak banjur mindhahake punjering peprentahan seka Demak menyang Pajang. Sak banjure Jaka Tungkir jemeneng ratu kanthi gelar Sultan Hadiwidjaja. Kena diarani pindhane kraton Demak menyang Pajang mujudake surute Kerajaan Demak Islam wektu semono.

Nalika mahargya jumenenge Sultan Hadiwidjaja, Sunan Prapen wayah Sunan Giri paring sasmita, menawa ing jaman sing arep dumadi ing Tanah Jawa bakal madeg kraton gedhe sing ngluwihi Pajang. Pangandikane Sunan Prapen ndadekkake penggalih Sultan Hadiwidjaja was sumelang. Aja-aja ing mbesuke Alas Mentaok sing bakal diparingke Ki Ageng Pemanahan kedadean kaya sing dingendikakke Sunan Prapen. Rasa was lan sumelange Sultan Hadiwidjaja njalari lemah perdikan sing bakal diparingke Ki Ageng Pemanahan saben-saben diulur-ulur wektune. Dene Ki Penjawi sing uga caos bebantu Sultan Hadi Widjaja nalika ngrebut Demak wis diparingi dhaerah Pati sing wis rupa kutha gedhe.

Ki Ageng Pemanahan ora nedya neges marang Sultan Hadiwidjaja. Dheweke uga nduwe rasa wa sumelang. Nanging was sumelange Ki Ageng Pemanahan ora merga bab panguwasa. Aja nganti kraton Pajang sing lagi wae dibangun dadi ora tentrem merga Ki Ageng Pemanahan nyuwun Tanah Perdikan Alas Mentaok. Nadyan bab iku wis dadi pangandikane Sultan Hadi Widjaja dhewe, nanging Ki Ageng Pemanahan tetep mendel.

“Aku mung diparingi ngerti yen arep oleh bebungah Alas Mentaok. Nanging nganti saiki Kanjeng Sultan durung nate ngendika maneh bab iki luwih becik aku pasrah karo sing Murba Jagad, ora arep nggege mangsa bab Anane Tanah Perdikan” panguda rasane Ki Ageng Pemanahan.

Sakjroning penggalaih sing lagi sungkawa Ki Ageng Pemanahan nyuwun pituduh karo sing Maha Kuwasa ngudhari ruweting penggalih, apa maneh menawa kelingan apa sing dingendikakke Sunan Prapen.

“Pemanahan aku ngerti apa sing kok pikirake. Kowe bakal oleh wahyu kraton sing mbesuke bakal nurunake ratu gedhe ing Tanah Jawa, menawa kowe bisa nenepi ana ing sawijing papan, kang ing kono ana kayu mati, nanging bisa kembang “ sasmita mengkono

ditampa makaping-kaping sak jroning pangimpen. Sak jroning pangimpen iku kaya-kaya Ki Ageng Pemanahan sak pejagong karo Sunan Kalijaga.

Nadyan mung sak jroning impen Ki Ageng Pemanahan percaya menawa iku pituduh saka Kang Maha Kuwasa kanggo mujudake kraton sing gedhe ing Tanah Jawa ing mbesuke. Nadyan mangokono Ki Ageng legeg manah, ngudarasa anane tembung “kayu mati nanging bisa kembang”. Iki kaya-kaya ora tinemu nalar, selagine wit sing urip wae ora mesthi bisa kembang, apa maneh uwit sing wis mati.

“Pemanahan kowe aja mangu-mangu mlakua manut anteping atimu, tinggalen kraton Pajang, goleka wit mati sing bisa tuwuh kembang”. Ora sranta, sawijining wengi kanthi sumedhot Ki Ageng lomaku jumangkah ninggalake Kraton Pajang, ora arep bakal leren anggone lumaku yen durung kepethuk apa sing di tampa lumantar impene. Lakune wis diniati tanpa ngetungake pira lawas lan adohe prasasat tahunana, windonono bakal dilakoni.

Munggah gunung mudhun jurang, nyasak alas gedhe gung liwang liwung, kepara makaping-kaping kepethik sato galak. Anteping ati lan kapercayane marang Gusti kahanan lan panggodha apa wae sing diadhepi sakjroning lumaku diadhepi kanthi tatag, kepara panggodha mau malah kanggo kanca njampangi sak tindak lakune. Sak jroning lelaku Ki Ageng Pemanahan ngudarasa gene sakwetara durung tau ngliawi sawijing desa ngadesa sing ing kono ketemu pawongan.

Srengenge wus lingsir ngulon parane. Ki Ageng Pemanahan mandheg sak jroning papan sing uga durung ana pawongane. Rasa ngantuk, luwe ngelak lan sumilire angin sore ndadekke Ki Ageng Pemanahan leren sak ngisore wit kang gedhe.

Gragapan Ki Ageng Pemanahan, sak jroning rasa kesel lan ngantuk ana ganda arum sak kiwa tengene kono, sak nalika ilang rasa ngantuke, Ki Ageng Pemanahan eling karo impene sing ndadekake dheweke tumeka ing papan kene. Mula banjur menyat sumadya nggoleki nong ngendi sumbere ganda arum mau, kaya tinuntun ganda arum mau nggawa Ki Ageng Pemanahan tekan sak jroning papan sing adoh seka papan ngasone, tan saya cedhak ganda arum tan saya mangambar-ambar. Dumadakan Ki Ageng pemanahan ngendhekke tindake. Kira-kira limang jangkah sak ngarepe ana wit gedhe ngrembuyung. “Oooo..kanyata seka kene ganda arum mau sumebar” Mangkono pangudarasane Ki Ageng Pemanahan. Bareng dicedhaki kanyata dudu rupa kembang sing njalari ganda arum mau sumebar, nanging seka “belik” sing kebak banyu banget beninge. Rasa ngelak njalari Ki Ageng kepingin ndang ngunjuk banyu saka belik ing ngarepe ana kedadeyan nyalawadi sak wuse Ki Ageng Pemanahan ngunjuk, dumadakan ganda arum ilang sak nalika.

Kejot Ki Ageng Pemanahan banjur maspadakake kahanan ing sak kiwa tengene. Luwih kaget nalika mirsani sisih kulon papane pirsana gunung sing kebak tetuwuhan kembang kang maneka warna nuwuhake kaendahan, kaya wong keplayu Ki Ageng pemanahan banjur nyedhaki, ora suwe lakune tekan papan sing dituju nanging eloking kahanan bareng dicedhaki gunung sing mau dinulu katon kembang sing warna-warna wujud dadi ilang sing ana mung wit-witan sing tuwuh katon ijo royo-royo siji wae ora tinemu anane kembang.

Ki Ageng Pemanahan maspadake kahanan ing kiwa tengene sing sarwo nganeh-anehi. Dumadaken kaya tugu sinukarto Ki Ageng Pemanahan pirsana yen ing lor wetan prenahe ana gunung sing luwih dhuwur tinimbang gunung-gunung liyane. Ing kono katon ana rupa kembang putih ngemplak kaya rinonce. Ki Ageng unjal ambegan.

“Gusti punapa menika ingkang paduka kersakaken? Kanjeng Sunan Kalijaga, menapa menika kados ingkang panjenengan ngendikakaken wonten ing sak jroning impen kula?”

Ora gantalan wektu Ki Agrng Pemanahan mlajar nyaketi kembang sing katon ing paningale. Tan saya cedhak kembang mau nyebar ganda arum wangi kaya ana sakjroning impen, Ki Ageng Pemanahan nyata-nyata ing sak ngarepe ana kembang rinonce, bareng kawaspadakake kanthi mirsani asale kembang, rasa ora percaya thukul ing penggalihe, nyata kembang kuwi mijil seka kayu kang wis garing, kayu kag wis mati sumusup sak tengahing wit-witan liyane sing godhonge ijo royo-royo.

Saknalika uga, astane Ki Ageng kumlawe arsa methik kembang mau, eloking kahanan bebarengan kumlawene asta Ki Ageng Pemanahan kembang mau ilang musna ora katon. Ilange kembang mau, kasusul anane swara sing keprungu talingane “Pemanahan, ing papan iki uga, sira ngaturna panuwun marang Gusti Kang Hakarya Jagad, apa sing dadi krentege atimu” gragapan Ki Ageng Pemanahan. Ilange swara bareng sumiute angin gedhe ing alas kono.

Wiwit iku Ki Ageng Pemanahan muja semedi tarak brata ing papan kono. Kurang luwih dwi dasa warsa Ki Ageng Pemanahan dumung ing papan kono. Cegah dhahar, nendra klawan guling kanggo nggayuh apa sing dadi pengangen-angene kanggo tedhak turun ing mbesuke.

Nganti sawijing dina Ki Ageng Pemanahan oleh wangsit menawa dheweke kudu nyambangi Ki Ageng Giring sing mapan ing Sodo Paliyan. Ki Ageng Pemanahan ngestoake dhawuh lumantar wangsit kang ditampa.

Mula enggal gegancangan tumuju menyang Giring.

Iba kuciwane, saktekane kono Ki Ageng Giring ora katon ing ndaleme. Gandheng wis rumangsa raket anggone pada paseduluran, Ki Ageng Pemanahan rumangsa ira dadi tamu ing kono. Mula rasa ngelak njalari Ki Ageng Pemanahan arsa golek unjukan ing mburi omah.

Kaya dene oleh kabegjan, ing kono Ki Ageng Pemanahan pirsana degan sing wis dipancas ing pucuke. Gandheng banget ngelake banyu dengan mau langsung den unjuk nganti telas sak nalika, krasa mari ngelake Ki Ageng Pemanahan banjur tindak, tumuju emper omah ngarep, ya daleme ki Ageng Giring.

Ora let suwe katon kundure Ki Ageng Giring sajak seka tindakan, banjur bage - binage keslametan sakwise puluhan tahun pepisahan Ki Ageng Giring arsa ngunjuk degan kang uwis dicawisake sak durunge. Kaya ora percaya lan banget kagete nyumuripi banyu degan wis ora ana isine.

Wis pinesthi Ki Ageng Giring lan Ki Ageng Pemanahan padha - padha anggone nggegetuni apa sing lagi wae dumadi. Banyu degan sing wis klakon diunjuk Ki Ageng Pemanahan, kanyata ing kono bisa dadi lantaran tumuruning wahyu kraton.

Mula sak karone pada tetangisan. Sapa sing arep disalahke lan apa salahe ? .Mula Ki Ageng Pemanahan banjur pamit bali menyang Pajang papan sing wis suwe katinggalake.

Mikul Dhuwur Mendhem Jero

“Hong Wilaheng Sekaring Bawana Langgeng”

Balimbi Papan Tumuruning Wahyu

Balimbi (Blimbing) salah sawijing padukuhan sing mapan ing wewengkon Desa Girisekar, sisih lor kulon. Ing kono para among tani, dagang bakul urip rukun bebrayan agung marang lir samubarang. Uga ana saperangan sing nyambut gawe ana ing instansi pemerintah lan pamong desa sing diarani para “priyayi”, nalika semono panguripane “priyayi” karo para dagang lan among tani ketok banget bedane bab apa wae. Nanging ing samengkone kahanan kuwi wis ora kawistara. Perkara omah utawa bale wisma, sandhang pangan penganggo antarane siji lan siji wis ora kena dibedakke maneh.

Ing sak tengahe papan kono dumunung anane papan pangibadah kanggo umat Islam, yaiku Masjid Sunan Kalijaga. Dijenengake masjid Sunan Kalijaga amarga manut crita sing wis turun-tumurun masjid Kuwi tinggalane Sunan Kalijaga nalika nyebarake agama Islam ing Tanah Jawa. Masjid Sunan Kalijaga kanyata uga ana sambung rapete karo anane Gunung Kembang semampir, gunung kang ing kono Panembahan Senopati nglakoni tarak brata nganti tumuruning wahyu kraton Mataram. Ya ing masjid kuwi Ki Ageng Pemanahan nglakoni ngibadah, ngandelake pinuwune nalika tapa semedi ing Kembang semampir. Ora mung tekan semono, Ki Ageng Pemanahan uga paring seserepan ngelmu -ngelmu utama kanggo wong-wong sing manggon sak kiwa tengene mesjid, nganti ing sawijining dina Ki Ageng Pemanahan mundhut pamit, nyambangi sedulure sing manggon ing Giring, Sodo Paliyan.

Rina gumanti wegi, dina dina dadi sasi, ganti wilangan tahun, Blimbing dadi kampung sing saya ngrembaka jembar tebane.

Dene Sambung rapet antarane Kembang Lampir, Masjid Sunan Kalijaga, Ki Ageng Pemanahan terus tumurun nganti tekan saiki. Mula manut pangandikane mBah Sarjono⁶ (81) tahun tembung Blimbing mono kedadehan saka tembung Balimbi sing tegese papan tumuruning baboning wahyu.

Ya merga saka prastawa-prastawa kuwi Padukuhan Blimbing saikine bisa diarani luwih monjo utawa luwih maju tinimbang padukuhan-padukuhan liyane ing Girisekar sing cacah ana sanga. Kasunyatan mau bisa dipirsani kahanan saikine kena diarani Padukuhan Blimbing mangku dalan sing jembare nganti 40 meter, mesthi wae lalu lintas kendharaan cilik nganti bis wisata njaban kutha pating sliwer seka esuk nganti tekan bengi. Ing kono uga ana pasar gedhe. Pawiyatan PAUD tekan Sekolah Menengah Pertama uga madek ing Padukuhan Blimbing. Nganti anane Puskesmas kudu dipindhah ing papan liya, jalaran ing kono wis ora nyukupi jembare.

Majune Padukuhan Blimbing manut pangandikane mBah Tubijo⁷ (72 th) pancen wis kawiwitan nalika jaman penjajahan Walanda. Anane Sekolah Rakyat kapisan ing Girisekar Tahun 1926 uga madeg ing Blimbing. Pasar Blimbing sakdurunge dipindhah ing Jowa mujudake pasar sing gedhe. Nganti ana istilah “Gareman” merga wektu kuwi pasar Blimbing dadi pasar uyah sing gedhe, “Ngebosan” wujudake kantor kehutanan nganti tekan saiki.

Kanthi anane “peradaban” sing luwih maju tinimbang liyane, ndadekake kawigatene Komunitas Malem Setu (KMS)⁸ Mijil Wengi kanggo nglarah “Dumadine Desa Girisekar” sing kawiwitan seka Padukuhan Blimbing. Kawigatene KMS Mijil Wengi kanggo nglarah “Dumadine Girisekar” kamot ing Buku versi bahasa Indonesia “Meniti Jejak Para Leluhur untuk Menentukan Hari jadi Desa Girisekar”

Kalurahan Sawah Cikal Bakal Desa Girisekar

Kalurahan mujudake tataran pamarintahan sing paling cendhek⁹, menawa diurutke saka pamarintahan pusat. Owah gingsiring pamarintahan ndadekake owah-owahan uga bab tetembungan, kanggo nuduhake pangerten sing pada. Semono uga seka tembung Kelurahan dadi tembung “desa”. Nadyan ing samengkone Kelurahan lan desa pancen beda bab tata paugeraning negari.

⁶ Juru Kunci Kembang Lampir tahun

⁷ Tokoh masyarakat lintas generasi

⁸ sebuah Komunitas di Desa Girisekar

⁹ Terjemahan bebas : <https://id.wikipedia.org/wiki/Kelurahan>

Anane Desa Girisekar, sing sakawit sinebut Kalurahan Sawah,manut paugeran, Paugeran mau uga nuduhake menawa kabeh kalurahan ing Kapanewon¹⁰ Panggang sing cacahé ana sewelas, kabeh diganti lan diawiti nganggo tembung “giri” sing tegese gunung kalebu Kalurahan Sawah.

Kaya sing dingendikake mBah Sarjono¹¹ diarani kalurahan Sawah amarga nalika semana ing kono ana palemahan sing bisa ngemot banyu, nganti kena kanggo ngoncori lemah tetanen sak kiwa tengene.

Ing Kapanewon Panggang wektu semono sakliyané Kalurahan Sawah, ana 11 kalurahan liyané, yaiku :

1. Kalurahan Wiloso
2. Kalurahan Legendi
3. Kalurahan Pudak
4. Kalurahan Kesari
5. Kalurahan Karangnongko
6. Kalurahan Petoyan
7. Kalurahan Trasih
8. Kalurahan Jorong
9. Kalurahan Karangtengah
10. Kalurahan Banyumeneng
11. Kalurahan Temuireng

Dene mbah Sarjono uga ngendikake,menawa kalurahan Sawah kapisan punjere pamarintahan dumunung ana ing Padukuhan Blimbing¹²

Nalika surute Majapahit akeh para punggawa kraton jengkar,sumingkir saka kaprajan sumebar sak indenging tanah Jawa. Anane pakuburan lan petilasan sing sumebar ing Girisekar, dipercaya ing kono sumare para leluhur keturunan Majapahit, yaiku

- ❖ Petilasan mBah Gusti ing Padukuhan Mendak
- ❖ Petilasan Kyai Condhong Wunut ing Padukuhan Bali
- ❖ Petilsan mBah Kapas di Padukuhan Waru
- ❖ Petilasan Kyai Jagaraga di Padukuhan Warak
- ❖ Petilasan Pangeran Sawit di Padukuhan Blimbing

¹⁰ Daerah setingkat Kecamatan

¹¹ Sesepeh Desa,anggota DPRD Kab.Gunungkidul periode ...

¹² Ris Tengah

- ❖ Petilasan Kyai Gunaijaya I di Padukuhan Bali
- ❖ Petilasan Kyai Gunaijaya II di Padukuhan Bali
- ❖ Petilasan Kyai Gunaijaya III di Padukuhan Bali
- ❖ Petilasan Pangeran Sawit ing Padukuhan

Petilasan Gunawidjaja I, Gunawidjaja II nganti Gunawidjaja III sing dumunung ing Padukuhan Bali, nalika timur lan sugenge lenggah ing Blimbing. Gunawidjaja I kagungan putra : Kyai Gunawidjaja II, Kyai Jo Sentono Kyai Wiryo Dimejo . Dene Gunawidjaja II kagungan putra Kyai Mangun Drono, Kyai Tomo Prabowo, Kyai Wongsodrono. Kyai Tomo Prabowo kagungan putra : Nyai Niti Sentono, Kyai Reso Diwiryo, Nyai Iro Menggolo, Nyai Rupingi, Kyai Guno Diryo, Nyai Umyang lan Kyai Mangun Wijaya. Putra nomer 7 seka Kyai Tomo Prabawa nunggak semi asma Gunawidjaja III.

Seka tedhak turune Kyai Gunawidjaja I nganti tekan Gunawidjaja III tangkar tumangkar mapan sak dengah papan warata ing Desa Girisekar nganti tekam saiki. Mbah Mugijono¹³ ngendikakake menawa ing sakawit seka Gunawidjaja I nganti tekan Guna Wijaya III lenggah ana ing Blimbing, sak lor wetane Masjid Sunan Kalijaga sing saiki. Ora mung tekan semono, Mbah Mugijono uga paring katrangan menawa asma Kyai Gunawidjaja III iku dudu keturunan langsung Gunawidjaja II, nanging merga asma “nunggak semi” eyang buyute. Kaya dene putrane Kyai Gunawidjaja III, nunggak semi karo eyange Kyai Tomo Prabowo.

Gunawidjaja III Lurah Kapisan Kalurahan Sawah

Kalurahan sing wujudake wilayah peprintahan mligine ing Kecamatan Panggang, tinemu ing tahun 1909 ing wujud Buku Induk SD Trasih. Ateges wektu kuwi wis ana pawiyatan dasar ing Kecamatan Panggang. Ing Banyumeneng, uga tinemu Buku Induk SD Banyumeneng Tahun 1917. Loro - lorone nyebutake menawa SD Trasih mapan ini Kalurahan Trasih, SD Banyumeneng mapan ing kalurahan Banyumeneng.

Semono uga ing Kalurahan Sawah. Tahun 1926 madeg Sekolah Dasar Sawah utawa SD Sawah. Ing samak ngarep Buku Induk uga tinulis nemawa SD Sawah mapan ing wilayah peperentahan Kalurahan Sawah.

Minangka wilayah peperentahan kalurahan dipimpin dening lurah. Kanthi mengkono lurah nduweni jebibahan sing ora entheng, merga nggaliheke sakwernane kebutuhan wargane sing gegayutan karo laku jantaraning peperentahan. Kaya dene Kartu Tanda Penduduk (KTP),

¹³ Tokoh masyarakat mantan Kepala Sekolah Dasar

layang kelairan, kartu keluarga, darbe milik palemahan lan sakpanunggalane. Ora mung tekan semono, Lurah uga darbe jejibahan mranata bab katentremane warga, kegotong - royongan, maju lan mundure desa lan isih akeh jejibahan liyane.

Mula saka iku, lurah duwe pambiyantu supayane kabeh mau mlaku kanthi tata. Mula ana Carik, Sosial, Keamanan, Kemakmuran lan dhukuh sing kabeh mau duweni jejibahan dhewe-dhewe nglayani kebutuhan warga. Mula para pambiyantu lurah sinebut pamong, sing patrape momong marang kabeh wargane.

Anane Kalurahan Sawah, ndadekake kawigatene Komunitas Malem Setu (KMS) sing madeg ing Desa Girisekar sasi Desember 2016. Wujud kawigatene yaiku nggoleki dina laire Kalurahan Sawah. Mengku karep supaya ing mengkone anak turun sing manggon ana ing bumi Girisekar saiki, ngerti mula lan bukane Desa Girisekar. Sak jroning patang sasi, KMS ngluru babagan dina laire Desa Girisekar. Winatesing sastra tinulis jaman semana, ora tinemu anane andha sumendhe utawa tandha-tandha tinulis bab laire Desa Girisekar. Mula KMS ngupadi kanthi cara liya, yaiku kanthi silaturahmi tokoh (silkoh) marang para sesepuh lan para-para sing digagas pirsabab laku jantraning Kalurahan Sawah wektu semana.

Dene silaturahmi tokoh iku tumuju marang mBah Tubijo, mBah Mugijono, mBah Sarjono Sawah, mbah Sarjono Pijenan, mbah Yuwono Soetadi lan mBah Yusuf Seomarjono.

Tumrap wong sing manggon ing Girisekar ing jamane, kabeh wong pirsabab kawicaksanan lan kawruhe babagan apa wae, kalebu obah musiking kahanan Desa Girisekar. Lan sing paling baku bisa paring gambaran kanthi cetha apa sing dadi paran pitakone KMS. Kanthi dhasar apa sing dingendikakke para tokoh, Komunitas Malem Setu nggathukae keterangan siji-lan sijine.

Kanthi cara iku, istingarah dina laire Desa Girisekar bisa ketemu. mBah Tubijo paring wewarah kena diarani “Hari Jadi” utawa dina kelairan Desa Girisekar menawa bisa nuduhke tanggal sasi lan tahun sing gumathok. Kamangka bukti tinulis bab kuwi ora ana sumbere. Upama ana mesthi madege Desa Girisekar bareng karo madege desa-desa liyane.

“Luwih becik menawa dina laire Desa Girisekar, dijumbuhke karo prastawa-prastawa penting sing mligi dumadi ing Girisekar. Upamane kanthi nggoleki dina laire lurah sepisanan, utawa dina kapan lurah kapisan ditetepke dening sing kawogan” ngendikane mBah Tubijo.

“Kuwi wae dudu perkara sing gampang”, mBah Tubijo neruske ngendikane. Jaman semana prastawa-prastawa wigati ora dipengeti srana tulisan. Prastawa siji dinggo peling prastawa liyane. Upama, laire Si Suta pas udan awu, Si Beja dadi manten pas jaman Jepang lan liya-liyane. Senadyan mengkono, ana cara liya kanggo nggoleki dina laire Girisekar. Elingku biyen seka ngendikane Bapak (Jiwo Kariyo) lurah pisanan kuwi asmane Guna Widjaja III,

lenggah nong Sawah, mula sinebut Kalurahan Sawah. Mula yen kowe¹⁴ bakal nglarah bab dina laire Girisekar, ya kudu ngluru jaman sugenge Gunawidjaja III. Gene bab lenggahe Gunawidjaja III nalika ngasta lurah pidalem sing saiki dilenggahi Pak Sarjono, sing ora liya wayah Gunawidjaja III.¹⁵

Kurang luwih telung sasi sakwise nampa keterangan seka mBah Tubijo KMS njajah desa sowan para-para sing wis disebut ing ngarep.¹⁶

“ Putu-putuku kabeh.... ora kleru menawa kowe kabeh padha tekan kene. Jer ing papan iki mula buka lenggahe Lurah Sawah kapisan ya Eyang Gunawidjaja kaping telu. Kepara aku dhewe awit idi lan palilah Eyang lan Bapak swargi, aku diparengake nunggak semi asma Sarjono Gunawidjaja. Mula aku rumangsa bombong, bungah lan uga trenyuh kowe pada tekan kene, nyritakke apa sing padha kok lakoni sakdurunge tekan papan iki. Ora mung kuwi putu-putuku... mbok menawa kanthi lantaran olah pikirmu sing mikirkake kahanan-kahanan sing wis kepungkur banjur nuwuhake rasa handarbeni marang para eyang sing wis sumare ing alam kelanggengan ora mung mligi kagem Eyang Gunawidjaja III. Awit dumadine Kalurahan Sawah nganti saiki nemoni jaman sing mengekene gebyare, ya merga seka pambudidayane para eyang sak durunge awake dhewe. Mula aku weling, jangkahmu isih dawa, aja mung tekan semene anggonmu duwe gegayuhan nemokke dina laire Girisekar. Dina lair mono prastawa sing wis dumadi, kena kanggo kaca brenggala urip. Sakbanjure banjur kepriye olah kridhamu, olah rasa lan pikiranmu ngadhepi jaman sing mengekene lan sing arep dumadi sesuke. Kaya aku sing wis tekan yah mene mung bisa mengestoni, tut wuri marang kowe putu-putuku kabeh ” ngendikane mBah Sarjono sing wis yuswa 76 tahun.¹⁷

“ Nanging bab kapan dina sasi lan tahun wiyose eyang Gunawidjaja III aku ora bisa paring keterangan. Sebab yen ora ana dhasar pada karo aku nerak marang bebener. Lha... iki rak cengkah karo gegayuhanmu. Iki aku mung bisa maringi mungguh sorosilah Eyang Gunawidjaja III. Ing kono ora katon titimangsa lan taune. Ping pindhone, Eyang Gunawidjaja III kasareakke ing Makam Sentono Bali ora adoh seka papan kene ” mBah Sarjono mungkasi pangandikane. Ora krasa KMS sowan mBah Sarjono kawit jam 09.00 bengi. Saiki wis jam 02.30. Mula banjur nyuwun pamit eling tanggung jawa lan jejibahan sing kudu dilakoni sesuk.

¹⁴ Yang dimaksud oleh mbah Tubijo adalah KMS

¹⁵ Berdasar Sorosilah

¹⁶ Pada halaman 12 paragraf terakhir

¹⁷ Berdasar SK Pensiun sebagai kepala Sekolah Dasar.

Nanging dudu hari Dina Lahir menawa ing kono ora nuduhke titimangsa lair lan sasine, amarga dina tanggal lair Gunawidjaja III ora dimangerteni.

Anane lurah kapisan, njalari tinarbukane lurah kaping loro, kaping telu nganti tekan saiki tahun 2018 tumapak Lurah kaping pitu, Bapak Sutarpan SIP. Gene owahing tata peprentahan sebutane dudu lurah maneh nanging Kepala Desa.

Ora mung tekan semono pambudayane KMS. Sak wise sowan mBah Sarjono,uga sowan Mbah Yuwono Soetadi sing ngasta lurah kaping lima ora liya wayah Wirjo Sentono lurah kaping pindho .

Kaya mBah Sarjono lan para sepuh liyane. Rumangsa bombong lan mongkok gene ana “generasi” sing tuwuh penemune ngluru lan nglarah para leluhur para pimpinane

”Saya bangga dan menaruh apresiasi yang tinggi kepada adik-adik, ini saya katakan era kebangkitan Desa Girisekar” mBah Yuwono Soetadi ngendika isih katon semangate sing makantar-kantar.

mBah Yuwono Sutadi paring katrangan menawa Eyang Wirjo Sentono ngasta lurah udakara limang tahun suwene.Seda merga gerah ing tanggal 15 September 1947, kanthi yuswa 50 tahun.

**WIRJO SENTONO LURAH SAWAH
SETELAH GUNAWIDJAJA III**

Dokumen

Fakta sejarah lain yang dapat dijadikan rujukan atas Hari Jadi Desa Girisekar adalah : masa kepemimpinan Wirjo Sentono, sebagai Lurah Sawah yang ke-2

**Wirjo Sentono,wafat pada tgl
15 – IX-’47
(15 September 1947)
Dalam usia 50 tahun**

**Jika Wirjo Sentono wafat tepat
di usia 50 tahun, berarti beliau
lahir pada tanggal
14 September 1897**

Gene bab tanggal seda lan yuswane Wirjo Sentono,kacetha ing sekarane, mapan ing Pemakaman Kunci Padukuhan Bali.Kanthi dasar yuswa lan tanggal tahun sedane,bisa tinemu wiyose Wirjo Sentana, yaiku tanggal 14 September 1897.

KMS duwe panemu menawa dina lair Desa Girisekar dijupuk seka prastawa penting yaiku nalika Gunawidjaja III ngasta lurah kapisan ing tahun 1916. Tahun iki didadekke tahun lahir Desa Girisekar. Banjur tanggal laire, dijumbuhake karo miyose Wirjo Sentono , nalika tanggal 14 September tahun 1897. Ing kene bakal tinemu menawa dina lair Girisekar Dumadi ing 14 September 1916. Penemu mengkono diaturke marang Mbah Tubijo sing tumrape KMS dadi bapa gurune.

“Ngonon ya prayoga, malah kena kanggo pangeling- eling menawa dina lair Girisekar ing 14 September 1916 mujudake manunggale lurah kapisan lan lurah sing kaping loro. Merga

Gunawidjaja ngasta lurah wiwit tahun 1916 lan Wirjo Sentono miyor ing tanggal 14 sasi September “ngendikane mBah Tubijo.

“Nanging ya ora cukup kuwi. Dina lair Desa Girisekar ing sak mengkone bakal dadi duwekke kabeh wong sak Girisekar. Mula kudu dianakake parepatan sing ing kono ana tedhak turune Gunawidjaja III lan Wirjo Sentono, kanggo caos pangerten utawa sapa ngerti menawa putra – wayah seka sakarone ora nyarujuki perkara kuwi. Sing luwih penting maneh Pemerintah Desa uga kudu kok ngerteni bab iki. Sebab dina lair Desa Girisekar mujudake prastawa sing kudu dikantheni paugeran sing resmi. Dene kewenangane ana ing pemerintahan desa” mBah Tubijo neruske paring pangandikan.

Aku sak kanca mung bisa “ndomblong” ngrungokke apa sing dingendikakke mBah Tubijo. Kabeh ngemu pitutur lan wewarah sing ngemot perkara wigati.

Tanggal 9 April 2017

Ngestokake pangandikane mBah Tubijo, mapan ing Warung Kopi Kandhang Sapi KMS nganakkake parepatan sing ing kono rawuh putra wayah Gunawidjaja III¹⁸ lan putra wayahe Wirjo Sentono¹⁹. Ora mung kuwi. Uga rawuhake kabeh para pinisepuh sing disowani nalika semono. Udakara kabeh ana telung puluh. Kalebu Bapak Ag.Gunawan,S.Sos,MM sing wektu kuwi ngasta Camat Panggang lan Bapak Sutarpan,S.IP Kepala Desa Girisekar.

Ing parepatan kono KMS nyarawidekake apa sing dilakoni seka wiwit tekan pungkhas nganti anane penemu bab dina lahir Girisekar,tanggal 14 September 1916²⁰.

Wis dadi kersaning Gusti Kang Murba Ing jagad,saka kawicaksanane para sepuh sing lenggah rawuh wektu iku kabeh paring pangestu, nyetujoni dan nguwatake apa sing diaturke dening KMS bab dina laire Girisekar. Kepara kabeh malah ngaturake panuwun karo apa sing dilakoni KMS, sing dumadi saka nom-noman kuwi.

“Sampun wonten lampah tuwin bukti ingkang terang terwaca, bab dumadosing Desa Girisekar lumantar para anak-anak kita ingkang nyawiji wonten ing satunggaling pakempalan KMS. Kula piyambak sampun mboten badhe maiben bab menika. Kanyatan manut aturipun KMS kala wau, Girisekar sampun dumados 101 tahun kapengker , lan nembe dinten menika saged tinarbuka. Sinten malih ingkang badhe tumandang karya ,menawi mboten anak-anak kita sedaya” ngendikane mBah Sarjono wayah Gunawidjaya kaping III ing pungkasing parepatan.

¹⁸ Sarjono...Pranowo...

¹⁹ Yuwono Sutadi ...

²⁰ Buku KMS

“ Mboten tidha-tidha malih. Kula ngaturaken panuwun kaliyan adhik-adhik KMS, ingkang sampun dumugi semanten kridahanipun. Paripaosipun mbabat alas wana marta, ingkang suwaunipun peteng ndhedhet lelimengan dinten menika katon cahya sumunar. Kula nagyogyani sanget awit tanggal wulan lan warsa dumadosipun Desa Girisekar. Malah kula gadhah weling kaiyan adhik-adhik “ terusna anggonmu makarya, wong tuwa bisane mung tut wuri laku jantramu. Semangat untuk Girisekar” kanthi basa sing kas Bapak Yuwono Sutadi wayah Wirjo Sentono III njangkepi pangandikane mBah Sarjono.

Pungkase parepatan Bapak Ag.Gunawan,S.Sos.MM paring dhawuh, supaya KMS nyaosake dokumen resmi sing ditujokake marang Pemerintah Desa. Sebab kabeh sing rawuh wis sarujuk menawa tanggal 14 September 1916 ditetepake minangka dina laire (Hari Jadi) Desa Girisekar. Dokumen mau kena kanggo dasar Pemerintah Desa anggone netepake paugeran, sahingga dimangerteni kabeh warga.

Kanggone KMS kabeh panyaruwe lan wewarah seka para sepuh mujutake pamecut kanggo mujudake apa sing dadi gegayuhane.

Tanggal 15 Mei 2017 ing prastawa parepatan kelembagaan tingkat desa sing ing kono rawuh kabeh RT sak Girisekar, lembaga Desa BPD, LPMD, PKK. Karang taruna lan tokoh-tokoh liyane Kepala Desa paring pangandikan menawa pakumpulan Komunitas Malem Setu “Mijil Wengi” wis bisa nglarah lan nemokake dina laire Girisekar, kepara wis caos pelaporan marang pemerintah desa. Ing sak mengkone pelaporan mau bakal ana panaliten, paugeran sing ngendi sing bisa kanggo netepake bab laire utawa dumadine Desa Girisekar. Apa sing sing dingendikakke Bapak Kepala Desa disarujuki dening pasarta rapat.

Mula kanthi dhasar lan sumber sing kena dipercaya, ngliwati tataran – tataran sing gumathok, dina laire utawa dumadine Desa Girisekar katetapake lumantar “*Surat Keputusan Kepala Desa Nomor 1 Tahun 2018, tentang Hari Jadi Desa Girisekar*” katetapake nenawa tanggal 14 September 1916 mujudake dina “ Dumadine Girisekar”

14 September 1916 tumeka ing 14 September 2017

Wektu sing dawa bareng mlakune dina sasi tahun lan windu. Prastawa siji lan sijine lir gumanti datan kendhat ora ana pedhote. Semono uga laku jantraning paprentahan Kalurahan Sawah sing sak ikine sinebut Desa Girisekar. Nadyan tinemu anane petilasan Gunawidjaja I nganti Gunawidjaja III, nganti tekan saiki urung ana sing bisa ngaturake prastawa-prastawa sing gegandengan karo Gunawidajaja I lan Gunawidjaja II sakdurunge ana Kalurahan Sawah. Miturut ngendikane mBah Tubijo, menawa Gunawidjaja I miyos ing Tahun 1794 sakwise anane perjanjian Giyanti ing Tahun 1755.

Kembang Semampir

Diumpamakke pawongan gunung Kembang Semampir ora dhuwur tur ya ora cendhek tinimbang gunung-gunung sak kiwa tengene. Tetuwuhan sing ngadeg jejeg ing punjere nganthi godhong-godhonge sing ngrembuyung ijo royo-royo kaya-kaya mayungi wit-witan sing tuwuh ing sak ngisore. Yen angin tumiyup gegodhongan mau tansah ngawe-awe yen dirasa kaya paraga among tamu sing mbagekake marang sapa wae sing rawuh. Ya ing papan kono Ki Ageng Pemanahan muja semedi tapa brata nggayuh tumuruning wahyu Kraton Mataram nalika iku.

Kembang Lampir mapan adoh saka karang padesan. Nanging tumrape jaman saiki babagan dalan tumuju menyang Kembang Lampir wis ora nguciwani. Sakwise ngliwati “jalan propinsi” sing jembare meh 40 meter, tekan pasar Jowa banjur menggok nengen menawa seka arah wetan. Udara kara 2 km adohe seka kono. Ngliwati padhukuhan Blimbing sisih wetan, terus ngliwati alase para among tani. Gunung-gunung ing sakiwa tengene katon ijo royo-royo asri yen dinulu. Nanging yen mangsa ketiga dawa, gunung-gunung mau mung katon watu-watu padhas sing atos. Sak liyane watu uga ana wit jati akasia lan mahoni sing wis ora duwe godhong. Ngadeg jejeg sak sela- selane watu sing pating jenggereng, pating jenggunuk, pating penthungul. Prasasat kaya barisan prajurit manggul tombak, ngliga pedhang tumuju madyaning peperangan. Nanging dikeprie bae, ya seka kahanan ngono kuwi para among tani “tansah jumeneng ing uripe”²¹. Nadyan kahanan mengkono para tani bisa nyembadani putra-putrine ngangsu kawruh ana ing meja pasinaon sing luwih dhuwur. Lan uga bisa gawe bale somah sing ora beda karo omah sing dumunung ing kutha – kutha rame.

Kahanan mengkono bakal ilang saknalika, menawa wis tekan plataran Kembang Semampir. Swara lan sumilire angin sembribit saka pucuking Gunung ndadekake anylesing ati sok sapa wae sing rawuh ing papan kono.

Sutrisna (53 th) sing dipercaya dadi juru kunci ngandharake sabendinane mesthi ana tamu sing rawuh. Yen dirata-rata antarane 5 – 10 pawongan. Ora mung seka tlatah Gunungkidul, manut isining catetan ing buku tamu kang dicawisake kawistara tamu-tamu sing adoh sangkan parane. Seka Sukoharjo, Temanggung, Purwodadi hingga Purworejo, Jawa Tengah. Kepara malah ana uga sing seka Njaban Pulau Jawa. Dene ancas lan tujuane kabeh ora padha. Ana sing kagungan panyuwun tentrem uripe, adoh panggoda, lancar rejekine

21

kepara akeh bae sing sesambungan karo pangkat jabatan saka tataran cendhek nganti tataran sing dhuwur.

“ Kala rumiyin Kembang Lampir punika dados papanipun Ki Ageng Pemanahan kangge ngupadi wahyu kraton Mataram. Sak sampunipun rumaos bilih pikantuk pitedah saking ingkang Maha Kuwaos rupi sekar ingkang semampir wonten ing kayu aking, piyambakipun lajeng tedhak wonten ing tlatah Giring, Sodo Paliyan. Kersanipun badhe pinanggih Ki Ageng Giring kaleres kadang sepuhipun, dumugi Giring piyambakipun lajeng ngunjuk degan, ingkang kawistara cumawis wonten dalemipun Ki Ageng Giring. Sigeg semanten, lajeng Ki Ageng Pemanahan wangsung dhateng Pajang” Sutrisna mungkasi critane, crita kedadean patangatus tahun kepungkur.

Srengenge, rembulan trus lumaku. Datan ana sing bisa lan kuwasa ngendhekke. Wis pesthine Gusti Kang Hakarya Jagad, sakwuse Kraton Mataram Islam dumadi kanthi lantaran Ki Ageng Pemanahan laku tapa ing Kembang Semampir, sak tedhak turune Ki Ageng Pemanahan dadi pemimpin-pemimpin sing misuwur Tanah Jawa .

Dadi pancen ana empere menawa nganti saiki Kembang Semampir dadi jujugane wong seka manca. Istingarah laku prihatin, ngalap berkahe Ki Ageng Pemanahan nalika nampa wahyu kraton. Mung bae Sutrisna uga ora lali caos pepeling marang sapa wae sing rawuh .Upama darbe gegayuhan, panyuwunan kabeh-kabeh gumantung saka kersane sing Maha Kuwasa. Dadi Kembang Semampir mono minangka sarana utawa papan kanggo nyenyuwun karo sing Maha Kuwasa kanthi cara liya.

Kaya Surisna, dadi juru kunci ing Kembang Semampir ora niat golek rejeki seka tamu-tamu sing padha rawuh. Ing kono dheweke olah tetanen lan ngingu kewan kanggo nyukupi kebutuhan urip sak anak bojone . Dene yen ana tandha tresna seka sing rawuh rupa apa wae dheweke nampa kanthi ikhlas. Sandhal jepit lan sarung sing saben-saben dikalungake ing wayah bengi nalika nunggu kembang Semampir nuduhake menawa Sutrisna nyambut gawe ora ngemu milik nanging duwe pamrih, yaiku pamrihe aja nganti Kembang Semampir sing mujudake tinggalan para luhur sak mengkone dadi papan sing dilalekke dening anak turunne.

Asma Kinarya Japa

Ing ngarep wis cinarita, menawa mula bukane Desa Girisekar kuwi katelah Kalurahan Sawah. Nalika Tahun 1947 Kalurahan Sawah sinebut Girisekar, merga pernatan iku kabeh Kalurahan ing Kapanewon Panggang nggunakke tembung “Giri” minangka wiwitane. Sakbanjure kanggo nyambung tembung “giri” nggunakake tembung sing ing kono ana prastawa utawa papan, utawa pengarep – arep tumrap sing paring jeneng. Kaya dene

Kalurahan Petoyan, banjur kasebut Desa Giritirto. Tembung “toya” lan “tirto” ngemu teges sing padha, yaiku banyu. Giri tegese gunung. Giritirta papan ing nggunung ana banyune. Kanyata ing Desa Giritirto ing kono ana tuk utawa sumber sing iline banyu bisa ngurakapi wong sak desa kanggo kebutuhan saben dinane. Semono uga desa-desa liyane. Kaya dene Kalurahan Legundi dadi : Girimulyo.mBok menawa sing paring asma nduweni pangajab, sapa bae sing manggon ing bumi kono tansah nemu kamulyan ing uripe.Sak teruse nganti tekan Kalurahan Sawah dadi Desa Girisekar.

Yen tinilik seka Kalurahan Sawah dadi Girisekar antarane tembung Sawah karo sekar nduweni teges sing adoh. Sawah nuduhake papan utawa panggonan , sekar isa teges kembang, isa ditegeske tembang, kepara sekar bisa bae pralampitane wanita kang sulistya ing warna, gampang wong wadon sing banget ayune.

Yen sekar ditegeske kembang, mujudake perangane tetuwuhan sing paling endah. Kanthi nyebar ganda kang arum wangi kaya dene : kembang mawar, kembang mlathi,kembang wijaya kusuma,lan sak panunggalane. Merga seka ganda kang arum njalari meh saben wong duwe rasa seneng karo kembang. Mboh lanang, wadon, bocah cilik, piyayi sepuh adat sing uwis duweni rasa kepranan. Sakliyané ganda sing amrik arum, wewujudan lan werna kembang tansaya nambahi anggone padha duwe rasa kepranan karo salah sawijining kembang. Selagine kupu wae kaya-kaya ora kena dipisahke karo anane kembang. In ngendi ana kembang ing kono mesthi ana kupu sing tansah mabur kekiter ing sak kiwa tengene.

Sekar isa ditegeske tembang, sebab salah sawijing kabudayan Tanah Jawa sing wis kondhang kepara nganti njaban rangkah, yaiku kanthi anane Tembang Jawa. Apa maneh Tembang Jawa sing kapacak ing Tembang Maca pat wis cinipta dening para wasis atusan taun kepungkur tembang macapat ana sangang perangan, kabeh tembang macapat ngemu surasa pitutur laku sing utama, carane nggayuh katentreman, sih kinasihan marag sapa padha lan pututur-pitutur luhur liyane, nganti tekan bab olahing panembah kawula marang Gusti.

Paugeraning tembang macapat uga wis ana wewaton sing gumathok, bab gatra (baris) wanda (suku kata) dan aksara swara ing pungakasan (fonetis).²²Kuwi lagi tembang maca pat. Durung tembang Jawa sing kanggo bocah diarani tembang dolanan sing ora wilangan cacahé. Uga tembang jawa liyane sing kamot ing gendhing-gendhing gamelan lumantar sindhen lan para wiyagane sing tanpa wilangan.

Ana uga sing duwe penemu, menawa sekar mung kanggo pralambang bae. Pralampita kanggo nyamudana anane wanodya tama sing njalari anane legenda Kembang

²² Perlukah dicantumkan suku-wulu @ tembang maca pat?

Semampir. Nalika Ki Ageng Pemanahan lagi muja semedi akeh panggiri godha sing ancas tujuane njugarake anggane tapa. Anane sato kewan galak, ngelingi wektu kuwi papan kanggo tapa isih rupa alas grotan, uga bangsa kajiman sing ora kasat mata. Nanging kabeh mau ora bisa njalari Ki Ageng Pemanahan murugake tapane. Mbuh sangkan paraning saka ngendi, Ki Ageng Pemanahan dumadakan nyumurupi anane wanodya sing ayu rupane. Waleh-waleh apa, wanodya mau uga nggiri godha tapane Ki Ageng Pemanahan, istingarah arep gawe cintraka. Mapan Ki Ageng Pemanahan gentur tapane mula pirsane apa apa sing dikarepke wanodya mau. Ki Ageng Pemanahan banjur nyuwun marang Pangeran. Wanodya mau trus disepatani dadi gunung mula ing sak cedhake papan kono ana Gunung sing jenenge Gunung Putri.

Malah uga ana sing ngandharake menawa tembung “sekar” sing nyawiji karo tembung “giri” saengga sinebut Girisekar, tegese dudu kaya sing wis dingendikake ing ndhuwur. Tembung sekar ing kene uga ateges kembang, nanging dudu kembang sing minangka perangane tetuwuhan. Kembang ing kene ateges “kekembangane” wong sak kiwa tengene. Seka tedhak turune Gunawijaya II sumebar mangulon, mangetan, ngidul ngasta punjering pamarintahan.

Harjo Purwono sing wektu iku ngasta Lurah Sawah, paring pamrayoga marang kabeh sing negesake tembung sekar, menawa kabeh ana bener lan empere. Sekar isa teges kembang, tembang, wanita. Dadi umpama dipilih kanggo njangkepi tembung “giri” sahingga dadi “Girisekar” pancen wis trep.

Nanging ing mbesuke supaya anak turun ora lali, menawa ing kene tau tate ana “kembang semampir terus katelah “Kembang Lampir utawa mBang Lampir” sing dadi lantaran tumurune wahyu kraton Mataram nganti saiki tekan Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, mula jeneng “Girisekar” luwih trep karo prastawa kuwi. Dene andharan-andharan sing negeske “kembang utawa sekar” sing ora ana gegayutane karo “kembang semampir” tetap teges sing bener gumantung trap-trapan lan papan panggonane tembung.

Kanyata prastawa sing dumadi udakara patangatus tahun kepungkur oleh kawigaten sing gedhe saka Sri Sultan Hamengku Buwana IX. Nalika tahun 1971 – 1975 Kembang Semampir Kabangun sahingga dadi papan sing endah lan ngresepake. Ora mung kuwi, dalan tumuju Kembang Semampir sing sakawit mung dalan lurung dijembarake nganti bisa diliwati kendaraan rodha papat. Ing samengkone Kembang Semampir dadi papan wisata tumrap wong sakiwa tengene.

Nalika Juru Kunci Kembang Semampir diasta Bapak Sarjono, wayah Gunawijaya III Lurah Kapisan Girisekar, suka kawruh yen Kembang Semampir mono dudu papan wisata umum kaya dene papan-papan wisata liyane nanging mujutake papan sing suci, amarga ing

kono papan dununge tumurune wahyu kraton. Mula wiwit tahun 1979 Kembang Semampir ditutup kanggo wisata umum. Tegese sok sapa wae sing tekan Kembang Semampir ora mesthi dikeparengake munggah ana punjere gunung. Mung mandheg ing ngarepe gapura, kejaba yen ana tamu sing rawuh nduweni panyuwunan bab apa wae, mesthi dilantarke tekan punjering gunung. Ing kono, panyuwunan mau dilantari kanthi laku prihatin, nata ati bawa rasa, nata pikiran, ngeningake cipta, nyuwun marang Kang Maha Kuwasa supaya kasembadan apa sing dadi kersane. Bali apa maune, nalika ing papan kono Ki Ageng Pemanahan ngeningke cipta, semedi nyuwun karo Sang Hyang Widi, sing akhire nganti ing tembe bisa gawe mulya tedhak turune.

Mulih marang mulanira.

“Girisekar” sing wujudake wilayah peprentahan sing sakawit sinebut Kalurahan Sawah nduweni pangajab, amrih sapa bae sing manggon ana kono bisa ngrembaka panguripane, bisa nyebarake laku urip kang utama, tinulat tinuladha kaya dene kembang sing bisa nyebarake ganda arum ing sak dhengah papan. Ujare pinisepuh Asma Kinarya Japa.